SAT

Spring 2026

SAT SCHOOL DAY

SAT with Essay Paper Test Directions Supplement

State-Provided

Notes to the Proctor

Using this document on test day:

When administering the SAT with Essay, print both the SAT School Day Test Directions translation and the SAT with Essay Paper Test Directions Supplement translation for students.

Distribute this document once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book. Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period. Students may **not** use this document as scratch paper and may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

- Students will follow along with you in the main Paper Directions through the end of Math Module 2. At that point, switch to the Essay Supplement.
- The Essay Supplement includes all required directions for:
  - The break before the Essay
  - Distributing Essay test books and answer sheets
  - Guiding students through completing answer sheet fields
  - Reviewing essay-writing rules
  - Providing timing instructions for standard time and all accommodations

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

© 2025 College Board. College Board, SAT, and the acorn logo are registered trademarks of College Board. All other marks are the property of their respective owners. Visit College Board on the web: collegeboard.org.

IMPORTANT: *Students must not sign in to Bluebook on test day for any reason, including section timing. All timing MUST be administered by the proctor using the Paper Testing Script. Use of Bluebook will cause a misadministration and require a retest.*

Nòt pou Elèv an

Yon fwa ou fin ranpli seksyon Matematik la, siveyan ou an ap itilize yon seri enstriksyon espesyal yo rele Sipleman Disètasyon pou gide ou nan pati Disètasyon SAT la.

Sa ki suiv lan se yon tradiskyon enstriksyon siveyan ou an pral li fò yo, ansanm ak enstriksyon ekri yo ki nan liv tès ou an. Suiv an menm tan pandan siveyan ou an ap li entriskyon an anglè yo fò. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou an ap li an, tanpri leve men ou.

- Enstriksyon ki tradui sa yo gendwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou an li an, toutfwa, enfòmasyon ki apwopriye an rete menm bagay lan.
- Siveyan ou an gendwa sote kèk enstriksyon ki pa aplike ak sitiyasyon tès lan.
- Ou gendwa kenbe dokiman sa a sou biwo ou an pou tout tan tès lan men ou dwe tounen l bay siveyan an apre tès lan.
- Ou dwe ekri disètasyon ou an ak kreyon, sèlman sou paj ki gen liy yo nan liv Disètasyon w lan. Repons ki ekri yon lòt kote p ap resevwa nòt.
- Ou PA gendwa itilize dokiman sa a pou papye bwouyon.
- Nan plizyè fwa, siveyan ou an pral anonse tan ki rete an nan seksyon an, ansanm ak poz yo lè li apwopriye. Si ou ap pase tès ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo gendwa diferan ak kwonometraj ak poz ki sou lis nan dokiman sa a ki tradui an. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo.
- Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, siveyan ou an gendwa ba ou enstriksyon anplis an anglè.
- Yo sèvi ak ikòn nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:

Enfòmasyon enpòtan

Enstriksyon ou jwenn nan liv tès ou an

> Tout tèks ki sonb yo endike enstriksyon siveyan ou an di.

Kontni

1 **Notes to the Proctor**

3 **Nòt pou Elèv an**

5 **Aprè Seksyon Matematik la**

6 **Distribye Dokiman Pou Disètasyon**

8 **Disètasyon An**

9 Enstriksyon pou Liv Disètasyon an

9 Pou Elèv Ki Gen Plis Poz oswa Plis Tan pou Ekriti

10 Fen Seksyon Disètasyon an

11 **Ranvwa**

2 Aprè Seksyon Matematik la

Nou ap tann yon poz kounya anvan nou kòmanse pwochen seksyon an. Tanpri koute règ sa yo ak atansyon:

- Pa diskite sou kesyon tès yo ak pèsòn oswa aksede ak okenn aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa tout lòt poz pandan tès lan.
- Si ou bezwen kite sal lan, ale sèlman nan zòn ki deziyen yo, koulwa a, oswa twalèt lan.
- Yo otorize ti goute ak bwason yo nan espas ki deziyen yo sèlman.
- Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.

Pou elèv k ap pase tès ak lè estanda, siveyan nou an ap di:

Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Pou elèv ki gen poz pwolonje, siveyan ou an ap di:

Nou ap kòmanse teste ankò nan egzakteman 20 minit.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tès lan jouk mwen di nou fè sa.

3 Distribye Dokiman Pou Disètasyon

Kounya mwen ap bay yon liv Disètasyon ak yon fèy repons pou chak grenn nan nou. Pa ouvè liv Disètasyon ou an jouk mwen di ou pou ou fè sa a.

Lè ou resevwa liv Disètasyon ou an, vire l epi ekri siyati ou, prenon ou ak inisyal dezyèm prenon ou, si ou gen youn, an karaktè enprimri. Apresa enprime kòd _____ ak non _____ lekòl sa a, ak kòd sal (oswa non) sal tès sa a _____, mwen afiche pou nou an.

Kounya nou pral ranpli kèk chan nan fèy repons nou an. Ranpli non legal konplè ou nan chan 1 an kounya. Mete espas, trèdinyon oswa apwostwòf si sa yo fè pati non ou. Ekri lèt yo nan karaktè enprimri an majiskil nan kaz yo, apresa ranpli boul ki koresponn yo. Asire ou chak mak yo fonse epi yo totalman ranpli boul lan.

Prenon ou dwe prenon legal ou. Si ou itilize yon prenon ou pito e ou gen yon kont College Board sou entènèt, ou ka antre l la. College Board itilize non legal ou nan jou tès lan pou konfime idantite ou, men yo ap itilize prenon ou pito an nan tout lòt kominikasyon ak ou.

Verifye lè ou fini.

Pou chan 2 an, siveyan ou an pral di:

Si ale nan lekòl sa a, ekri kòd lekòl 6 chif nou an _____ nan chan 2 an epi ranpli boul ki koresponn yo. Verifye lè ou fini.

Si ou pa frekante lekòl sa a oswa ou resevwa enstriksyon lakay ou, leve men ou. Mwen pral vini jwenn ou pou ba ou kòd ki kòrèk lan pou ou antre nan chan 2 lan.

Si sa aplikab, elèv k ap resevwa edikasyon lakay yo dwe antre kòd “970000” nan espas 2 a.

Pou chan 3 ak 4 yo, siveyan ou an pral di:

Si ou ale nan lekòl sa a, ranpli boul lan pou “Yes” ("wi") nan chan 3 epi ekri non, vil ak Eta lekòl lan nan chan 4 lan. Si ou pa vin nan lekòl sa a souvan, ranpli boul ki aplike ak ou an nan chan 3 a epi ekri enfòmasyon lekòl ou an nan chan 4 lan. Leve men ou si ou pa sèten kisa pou ou ranpli.

Elèv k ap resevwa edikasyon lakay yo dwe kite espas 4 la blanch.

Pou chan 5 lan, siveyan ou an pral di:

Gade biyè koneksyon ou an, epi chèche Nimewo Enskripsyon ou an. Ekri nonb 10 chif yo nan bwat yo pou chan 5 lan nan boul ki koresponn yo.

Pou chan 6 la, siveyan ou an pral di:

Nan chan 6 lan, ranpli mwa, jou epi 2 dènye chif nan ane ou te fèt lan. Kòmanse ak yon zewo si ou ap ranpli yon sèl chif. Ranpli boul ki koresponn yo epi verifye lè ou fini.

Pou chan 7 lan, siveyan ou an pral di:

Lè ou pare pou ranpli nimewo ID Eta ou an nan chan 7 lan, leve men ou.

Siveyan ou an pral ba ou ensktriksyon pou anrejistre Disètasyon an lè l di:

Kounya mwen pral ba ou kèk enstriksyon pou ede ou asire disètasyon ou an note ak presizyon.

- Itilize paj plan ki pa gen liy lan pou pran nòt epi planifye disètasyon ou an. Pa gen anyen ou ekri sou paj ki pa gen liy lan ki pral note.
- Lè ou pare, kòmanse ekri disètasyoon ou an nan premye paj ki gen liy lan, ki di “Begin Your Essay Here” ("Kòmanse Disètasyon Ou an La"). Ekri disètasyon ou an sou paj sa yo ki gen liy lan epi nan espas maj yo ki make an.
- Itilize yon kreyon Nimewo 2. Si ou pa itilize yon kreyon oswa si ou kite paj yo vid, ou pral resevwa yon nòt zewo pou Disètasyon an.
- Disètasyon ou an dwe rete nan limit paj yo bay yo. Pa ekri anyen apre mo "STOP" lan nan dènye paj ki gen liy lan, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pa p note.

4 Disètasyon An

IMPORTANT: *Tou depann de lojman ou, siveyan ou an ka bezwen pran yon ti poz nan mitan seksyon Disètasyon an. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo.*

Pou elèv ki gen tan estanda ak poz estanda yo, siveyan ou an ap di:

> Yon fwa nou kòmanse, nou pral gen 50 minit pou travay sou seksyon Disètasyon an.

Pou elèv ki gen plis poz oswa plis tan, siveyan ou an ap di:

> Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen ___ minit pou travay sou Disètasyon an. Nou ap kanpe pou yon poz tou kout aprè ___ minit.

REFERANS POU TAN DISÈTASYON AN

Pou Tan Estanda avèk Poz Anplis: 50 minit total; 25 minit anvan poz

Pou Inè Edmi: 75 minit total; 38 minit anvan poz

Pou Tan Doub: 100 minit total; 50 minit anvan poz

> Mwen ap afiche lè demaraj ak arè yo, e mwen ap enfòme ou lè rete 5 minit. Kenbe fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an kouche sou biwo ou an.
>
> Tanpri pa siyen disètasyon ou an oswa ajoute non ou ladan l (menm jan ak "By Jane Doe" ("Se Jane Doe ki fè l")). Fè yon bagay konsa ka retade nòt disètasyon ou an.
>
> Kounya li enstriksyon yo, apresa ale nan kesyon Disètasyon an epi kòmanse travay. Lè an kòmanse kounya.

Si ou pa gen lojman pou plis poz oswa plis tan pou lekti ak/oswa ekriti, kontinye li enstriksyon ki anba **Seksyon Fen Disètasyon an**.

4.1 Enstriksyon pou Liv Disètasyon an

Sa ki vini annaprè a se yon tradiksyon paj kouvèti liv disètasyon ou an. Lè yo ba w enstriksyon, ou ta dwe ekri sou liv disètasyon ou an, pa sou dokiman sa a.

ENSTRIKSYON

Disètasyon an ba ou yon opòtinite pou montre kijan ou ka li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon disètasyon ki analize pasaj lan. Nan disètasyon ou an, ou ta dwe demontre ou te li pasaj lan ak swen, prezante yon analiz klè epi lojik, epi itilize langaj ou ak presizyon. Ou dwe ekri disètasyon w lan an anglè.

Disètasyon ou an dwe ekri sou liy yo bay nan fèy repons ou an; eksepte pou Paj Plan fèy repons lan, ou pa p resevwa okenn lòt papye pou ou ekri. Ou pral gen ase espas si ou ekri sou chak liy, evite gwo maj, epi kenbe ekriti ou nan yon dimansyon ki rezonab. Sonje moun ki pa abitye ak ekriti ou pral li sa ou ekri an. Eseye ekri oswa fè lèt yo pou sa ou ap ekri an lizib pou lektè sa yo.

Ou gen 50 minit (tan estanda) pou li pasaj lan epi ekri yon disètasyon kòm repons ak kesyon yo te poze nan livrè sa a.

RAPÈL

- Pa ekri disètasyon ou an nan livrè sa a. Sèl sa ou ekri sou paj ki gen liy fèy repons ou an pral evalye.
- Yon disètasyon ki pa ret nan sijè an pa p evalye.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI NAN SAL LAN. REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KI PA OTORIZE NENPÒT PATI NAN LIV TÈS SA A ENTÈDI.

4.2 Pou Elèv Ki Gen Plis Poz oswa Plis Tan pou Ekriti

Lè gen 5 minit ki rete anvan poz la, siveyan ou an ap di:

> Ou gen 5 minit ki rete anvan poz la.

Lè tan poz la rive, siveyan ou an pral di:

> Sispann travay epi depoze kreyon ou an. Fèmen fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an. Mete fèy repons ou an fas anlè akote liv Disètasyon ou an.

Pou elèv ki gen plis poz oswa plis tan, siveyan ou an ap di:

> Sispann travay epi depoze kreyon ou an. Mete fèy repons ou an anlè paj w ap travay sou li kounya nan liv Disètasyon ou an. Fèmen liv Disètasyon ou an epi kite l sou biwo ou an.
>
> Kounya ou pral pran yon ti poz pou detire kò ou. Pa diskite sou kesyon yo pandan poz lan oswa kite sal tès lan san pèmisyon.

Pou elèv ki gen plis poz OSWA plis tan, (men se pa poz pwolonje) siveyan ou an ap di:

> Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 5 minit.

Pou elèv ki gen tan pwolonje AK poz pwolonje, siveyan ou an ap di:

> Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

> Tanpri chita nan plas ou. Ou gen jiska ___ minit anplis pou Disètasyon SAT ou a.

REFERANS POU TAN DISÈTASYON AN

Pou Tan Estanda avèk Poz Anplis: 25 minit

Pou Inè Edmi: 37 minit

Pou Tan Doub: 50 minit

Mwen ap afiche lè demaraj ak arè yo, epi Mwen ap enfòme ou lè rete 5 minit anvan seksyon an fini. Si ou fini anvan lè, pran tan pou verifye travay ou epi asire w li konplè. Ouvè liv Disètasyon ou an nan paj kote ou te mete fèy repons ou an. Mete fèy repons ou an plat sou biwo ou an epi rekòmanse kote ou te kanpe a. Lè an kòmanse kounya.

4.3 Fen Seksyon Disètasyon an

Lè gen 5 minit ki rete, siveyan nou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon Disètasyon an.

Lè lè an ekspire, siveyan nou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an. Fèmen fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an. Mete fèy repons ou an fas anlè akote liv Disètasyon ou an.

5 Ranvwa

Felisitasyon! Nou fini SAT. Jis akoz nou la jodi an epi nou fini tès lan se yon gwo akonplisman. Tanpri chita san fè bri pandan m ap ranmase epi konte dokiman tès nou yo.

Sonje, lè ou soumèt repons ou yo, ou dakò ou pa p soti ak okenn kesyon tès lan nan sal klas tès lan, bay okenn moun yo l, oswa diskite sou yo ak okenn moun nan imèl, mesaj tèks, sou entènèt oswa nenpòt ki lòt fason. Sa ede asire tout elèv yo gen yon eksperyans tès ki jis epi egal. Si ou te wè nenpòt bagay jodi an ki ba w enkyetid, vini epi pale avè m anvan ou ale.

Jan mwen te di l nan kòmansman tès lan, si yon moun vyole nenpòt nan politik ki lye ak sekirite tès lan, nòt yo ap anile e yo gendwa anpeche yo pase lòt tès College Board alavni.

Tanpri ret tann nan syèj ou an jouk mwen ranvwaye w. Nan pwen sa a, ou gendwa rasanble afè ou yo epi vin ranmase nenpòt bagay ou te remèt anvan tès lan. Pandan ou ap soti, tanpri konsidere moun ki toujou ap travay nan lòt sal yo. Si nou vle konnen kijan pou anile nòt nou yo, mwen ka ede nou anvan nou deplase.

Ankò, felisitasyon pou travay difisil ou an jodi an.

Siveyan ou an ap ranmase livrè sa a nan men ou anvan ou ale.